

achava mufudzi wavanhu vangu vaisraeri.”  
 ipapo Herodhi akadana Vachenjeri  
 pakavanda akavabvunzisa nguva  
 chayo yainge yaonekwa nyeredzi.  
 Akavatumira kubheterehema akati, “Endai  
 mundotsvakisisa mwana uyu. Kana muchinge  
 mamuwana, mugondizivisawo kuitira kuti  
 neniwu ndigoenda kundomunamata.”  
 Mushure mokunge vanzwa zvainge  
 zvataurwa naMambo, vakapfuitira mberi  
 norwendo rwavo, uye nyeredzi yavakanga  
 vaona kumabvazuva yakavatumamira  
 kusvikira yandomira panzvimbo paiwa  
 nomwana. Pavakaona nyeredzi, vakafara  
 kwazo. Vakati vasvika pamba apa, vakaona  
 mwana namai vake Maria, uye vakakotamira  
 pasi vakamunamata. Vakasunungura  
 pfuma yavo vakapa zvipo zvegordhe,  
 nezvinonhwiira nemura. Uye vakati  
 vayambirwa mukurota kuti vasadzokera  
 nokuna Herodhi, vakadzokera kwavo neimwe  
 nzira.

## 40-09 The Wise Men Worship Jesus


[www.GodsPeopleStudy.org](http://www.GodsPeopleStudy.org)

Bible Verses are


Shona: Ndima dzomuBhaibheri muchishona chakare

Mushure mokuberekwa kwajesu  
 muBheterehema redudhea munguva  
 yaMambo Herodhi, vachenjeri vaiva  
 kumabvazuva vakasvika muJerusarema,  
 uye vakabvunza vakati, “Aripiko uyo  
 achangoberekwa anova mambo wavaJudha?  
 Takaona nyeredzi yake kumabvazuva, uye  
 tauya kuzomunamata.”  
 Mambo Herodhi akati achinzwa izvi,  
 akatambudzika kwazo pamwe chete  
 neJerusarema rose. Kuzoti akakokera pamwe  
 chete vaprista navadzidzisi vomutemo,  
 akavabvunza kwaizoberekwa Kristu.  
 Vakapindura vachiti, “MuBheterehema  
 redudhea nokuti izvi ndizvo zvakanyorwa  
 nomuprofita achiti:  
 “Asi iwe Bheterehema, munyika  
 yeJudhea hausi muduku  
 pamadzimambo ose aJudha, nokuti  
 mauri muchabuda mutongi uyo

## Vachenjeri Vanonamata Jesu



“Aripiko uyo achangoberekwa anova  
 mambo wavaJudha?” Mateo 2:2



**“Aripiko uyo achangoberekwa anova mambo wavaJudha?” Mateo 2:2**